



Cò ponpye, Vil New York EDIKASYON SOU SEKIRITE KONT INSANDI

Michael R. Bloomberg, Mè
Salvatore J. Cassano, Komisyonè Ponpye

PLANIFYE KIJAM OU KA CHAPE LÈ GEN DIFE

ESKE FANMI OU KA SIVIV SI DIFE PRAN LAKAY OU?

Plis ke 50% lanmò ke dife ki pran se lakòz, fèt ant 10:00 è di swa ak 6:00 è di matin, lè pi fò moun ap dòmi. Plis ke tout lòt laj, timoun piti ak granmoun ki gen plis ke 65 an daj, gen de fwa plis chans pou yo sa mouri nan yon dife kip ran nan kay.

On alam pou detekte lafimen, pa kont! Pou ou ka pwoteje fanmi ou, fè planifikasyon epi pratike yon plan pou yo sa chape lè gen dife!



KÒMAN OU KA FÈ "YON PLAN SOVTAJ SI GEN DIFIE"

Sèvi ak grafik pou ou sa fè desen plan kay ou oswa plan apatman w (gen youn nan do a). Fè desen tout etaj ki lakay ou, enkli tout fenèt ak pòt. Mete on etikèt pou sa montre chak kote moun ap domi. Montre tout eskalye ak ki kantite mach nan chak kote ki gen eskalye. Ak on flèch, montre de jan yo ka sòti nan chack pyès.

Lè ou finn fè desen plan kay la, diskite rout pou yo pran pou yo sa chape ak tout moun lakay ou.

- Si fenèt pou ou sèvi pou ou sa chape lè gen dife, gen yon ba sekirite oswa yon baryè, asire w ke li se yon fenèt ke FDNY apwouve.
- Aprann tout moun lakay ou kòman pou yo debloke ak louvri tout fenèt ak tout pòt.
- Nan pati ki bay sou andedan kay ou, sèlman sèvi ak kalite seri ke ou ka vire ak pous ou. Seri ki andedan, ki mande pou sèvi ak kle pou yo sa louvri ilegal et yo pa `sennesòf.
- Kinbe eskalye ak sòti yo pwòp san fatra, san ankobremman. (Pa sèvi ak kote ki nan batiman a ki pèmèt ou chape lè gen dife kòm depo.)
- Tonbe dakò sou on kote ke tout moun ka rankontre andeyò lakay ou, konsa ou ka konnen ke tout moun soti e an ke yo sekirite.

KOUNYE A FÈ EGZÈSI POU DIFIE

Kounye a ke ou gen on plan, **pratike plan an ak yon egzèsis dife kòm si se te pou de bon.** Fè tout moun nan fanmi a patisipe!

- Kòm la pi fò dife na kay rive bonè nan matin, fè tout manm fanmi a fè kòm si yap dòmi.
- Mete kay la na fè nwa kòm si li te plen lafimen .
- Pou kòmanse egzèsis pou dife a, fè alam ki detekte lafimen ou an sonnin, asire ou ke tout moun kapab tande l klè e ke yo rekonèt son an.

NAN EGZÈSI OU AN AJOUTE

- Responsabilite pou yo reveye timoun oswa vye granmoun yo.
- Fè manm fanmi w pratike kòman pou yo ranpe sou men ak jenou yo pou yo ka chape lè gen lafimen.
- Fè manm fanmi w fèmen pòt yo dèyè yo.
- Fè manm fanmi w sonje pou you pa rete pou abiye yo oswa ranmase efè yo.
- Suiv plan ou fè pou sove a jiska se ke ou rive kote pou nou tout rankontre a.

ALAM POU LAFIMEN SOVE VI

ALAM POU KARBON MONOXID SOVE VI

ALAM POU LAFIMEN SOVE VI

Yon mesaj sekirite piblik kont insandi ke cò ponpye new york city voye

**FD
NY**



MISYON NOU SE SEKIRITE W

AP SÈVI NEW YORK AK FIÈTE DEPI 1865



KÒMAN POU W FÈ YON PLAN SOVTAJ LÈ DIFE

1. Sèvi ak draf ki an ba an, fè desen plan kay la.
2. Desinen tout etaj ki lakay ou.
3. Ajoute tout fenèt ak pòt e make chak kote moun domi.
4. Montre tout eskalye ak ki kantite mach nan chak eskalye.
5. Mete yon flèch pou montre de jan yo ka sòti nan chak pyès.



SONJE ETAP SA YO

A


DESINEN YON PLAN SOVTAJ POU DIFE

B

DISKITE TOUT ROUT SOVTAJ AK TOUT MANM FANMI W

C

FÈ EKSÈSIS DIFE KÒM SI SE TE POU DE BON



CÒ PONPYE VIL NEW YORK
 9 METRO TECH CENTER
 BROOKLYN, NEW YORK 11201-3857

Ki fèt pa
FDNY UNITE POU EDIKASYON SOU SEKIRITE & FDNY BIWO INFÒMASYON PIBLIK
www.nyc.gov/fdny
www.fdneyfoundation.org

